УШЫРАСЫЎДАН КЕЙИНГИ ОЙЛАР

# XXI ӘСИР — ҚУЯШ ЭНЕРГИЯСЫ ӘСИРИ

## (МАШҚАЛАЛАР ҲӘМ ШЕШИМЛЕР)




Усы жылы февраль айының басында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы Аманбай Орынбаев республикамыздағы барлық жоқары оқыў орынлары профессор оқытыўшылары ҳәм билимлендириў тараўындағы муғаллимлер менен Бердақ атындағы ҚМУдың мәденият сарайында ашықтан ашық сораў-жуўаптан ибарат ушырасыўы болып өтти. Быйылғы жылымызды Президентимиздиң усынысы бойынша «Инсанға итибар ҳәм сапалы билимлендириў» атамасының қойылғанынан халқымыздың хабары бар. Әлбетте, бул бийкардан бийкарға қойылған жоқ, оның төркининде терең философиялық мәни бар. Илимсиз ҳәм сапалы билимсиз ҳеш бир мәмлекеттиң келешеги жоқ. Мениң өзим де усы жыйналыста қатнасып, өз усыныс ҳәм пикирлеримди билдирдим ҳәм усы ушырасыўдан кейинги энергетикаға, анығырақ етип айтатуғын болсам қуяш энергетикасына байланыслы болған бүгинги шет еллердеги, өзимиздиң мәмлекетимиздеги усы бағдарға байланыслы алып барылып атырған илимий ҳәм әмелий жумыслар ҳаққында газета оқыўшылары менен ортақласыўды мақул көрдим.

Ҳәзирги ўақытта жәмийеттеги өндиристиң тез пәт пенен өсиўи, халықтың турмысының жылдан-жылға жақсыланып барыўы мәлим бир дәрежеде энергетикалық базамыздың имканиятларына тиккелей байланыслы болып қалмақта. Тилекке қарсы, бүгинги күни энергетиканың тийкарғы дереги болып есапланған нефть, газ ҳәм көмирдиң запасы шекленген. Бул энергетиканың дереклери пессимистлердиң айтыўы бойынша, жақын 50-60 жылға, ал, оптимистлердиң айтыўы бойынша, 100-150 жылға жетип қалады деген болжаўлар да жоқ емес. Сонлықтан өндиристиң раўажланыўы үлкен көлемлерге өсиўине байланыслы экономиканың тийкарғы шийки заты нефть, газ ҳәм көмир болғанлықтан базы бир унамсыз машқалаларды келтирип шығарады. Сол себепли адамзат алдында оғада үлкен энергетикалық мәселе, яғный, таза дәстүрий емес энергия дереклеринен пайдаланыў мәселеси көлденең болып тур. Бундай энергия дереклерине самал, теңиздиң, дәрьяның толқынлары, биомасса ҳәм қуяш энергиясы болып есапланады.

Бүгинги күни жоқарыда аты айтылған энергияның дәстүрий емес дереклериниң ишинде ең қуўатлысы — экологиялық жақтан ең тазасы тәбийғый қуяш нуры болып табылады. Статистикалық мағлыўматларға қарағанда, ҳәзирги ўақытта Индия ҳәм Қытай мәмлекетлеринде 2 миллионнан артық қуяш ошақлары бар. Дүнья бойынша қуяш энергиясы бойынша көплеп жойбарлар, илимий-әмелий жумыслар әмелге асырылмақта, ҳәр жылы халықаралық конференциялар өткериледи. Дүньяның 37 мәмлекетинде қайта тиклениўши энергия дереклерине байланыслы нызам қабыл етилген, 70ке жақын мәмлекет альтернатив энергия дереклери менен ислеў көлемин көбейттириўге ҳәрекетлер жасамақта. Бүгинги күни альтернатив энергиядан пайдаланыў бойынша Германия, Япония, Қытай, Испания ҳәм АҚШ мәмлекетлери жетекшилик етип келмекте. Солардың ишинде Германия мәмлекети атом электр станцияларынан пайдаланыўдан ўаз кешип, ҳәр жылы 100 мың үйдиң төбесин қуяш панеллери менен қапламақта. Бундай усылдан пайдаланыў ҳәр тәреплеме қолайлылық жаратады, ҳеш қандай артықша орын талап етилмейди, керисинше, жайдың төбеси бекитиледи ҳәм үйди қәлеген ўақытта ысытыў, жайда жасаўшылардың электр энергияға болған талабын толық қанаатландырыўы мүмкин. Азия раўажланыў банкиниң бас директоры Раджат Нагның айтыўы бойынша, усы тараўда ислеп атырған қәнигелердиң болжаўларына көре, 2030-жылға келип, Азия-Тыныш океаны аймағында энергия жеткерип бериўшилерге болатуғын талап дерлик еки есеге артып кетеди. Бүгинги күнде энергия ислеп шығарыўдың инновациялық усылларына ҳәм соның менен бир ўақытта, ҳаўаға пүўланған газлердиң шығарылыўын қысқарттырыўға үлкен қаржылар киргизиў жүдә зәрүр болып қалмақта. Экспертлердиң айтыўлары бойынша, егер тийисли қоллап-қуўатлаўшы ҳәм қаржыландырыўшы механизмлер жаратылса, келешекте турақлы қуяш энергиясынан таза энергия пайда етиў мүмкиншилиги артады.

Әлбетте, бүгинги халықаралық нырқ (баҳасы) бойынша қуяш энергиясынан пайдаланыў дәстүрий энергияларға қарағанда қымбатлаў. Бирақ, ҳәммемизге мәлим болғанындай, нефтьтиң, газдиң баҳасы жылдан-жылға өсип бармақта, ал, қуяш энергиясынан пайдаланыў болса, керисинше арзанламақта.

Арзанлатыўдың шарасы бойынша, бүгинги күни дүнья жүзи бойынша бир қанша унамлы жумыслар алып барылмақта. Соңғы жыллары квант ноқатлы ярымөткизгишли материаллардың тийкарында жуқа плёнкалы қуяш элементлери таярланылып атыр. Бундай қуяш элементлери сезилерли эффективликке ийе, салыстырмалы түрде арзан ҳәм экологиялық жақтан бир қанша таза. Мағлыўматларға қарағанда, фотовольт электр энергия баҳасы 2030-жылларға барып әдеўир арзанлайды. Сондай-ақ, фотоэлементлер жәрдеминде қуяш нурынан электр энергиясын алыў қурылмаларының пүткил дүнья бойынша қуўаты 1985-жылы 21 МВт болған болса, тек 2005-жылда иске түсирилген қурылмалардың қуўаты 4 ГВт ты қурады. 2020-жылға келип фотоэлементли қурылмалардың қуўаты 5 ГВт қа жақынласты. Соны да айрықша атап өтиўимиз керек, яғный бул тараўда Япония, Қубла Корея ҳәм Европа мәмлекетлери әдеўир алға илгерилеп кетти.

Өзбекстанда альтернатив энергия дереклеринен пайдаланыўды бириншилерден болып академиклер Убай Арипов, Садық Азимовлар 1950-жыллардан баслап үйлерди ысытыў, ыссы суў менен тәмийинлеў ушын қуяш коллекторларын ислеп шықты ҳәм бир неше үйлер қурылып, тәжирийбе сынаўлары өткерилген. Қуяш фотоэлементлеринен алынған энергия сол ўақытлары жүдә қымбат, ал, дәстүрий энергиялар (нефть, газ ҳәм көмир) арзан баҳада болған. Бүгинги күнге келип жер жүзи халқының саны кескин көбейиўине байланыслы жанылғыға болған талап өспекте. Тилекке қарсы, дәстүрий жанылғының баҳасы да тез пәт пенен көтерилмекте, сондай-ақ, экологиялық теңсалмақлылықтың бузылыўына да алып келмекте. Қуяш энергиясының биз тек электр энергия алыў ушын емес, бәлким, оннан коллекторлар арқалы суў ысытыўда, қуяш ошағы арқалы аўқат, нан писириўде, таза суў алыўда, мийўелерди қурытыўда пайдаланыўымыз мүмкин. Мысал ушын, 1 кВт қуяш фотоэлектр станциясы бир шаңараққа жетеди. Буны биз лаборатория шараятында ислеп шығатуғын болсақ, 15 миллион сум әтирапында болады. Қулаққа еситилгенде үлкен қәрежеттей болып түйиледи, бирақ, орташа 50 жылға бөлгенимизде бул арзымас болып қалады. Мәселениң және бир әҳмийетли тәрепи сонда, яғный, қуяш панеллери жәрдеминде алынған электр энергияның өзине түсер баҳасы ярымөткизгишли кремний материалына байланыслы. Келешекте Наўайы ўәлаятында техникалық кремний алыў заводының иске түсирилиўин есапқа алсақ ҳәм бундай қурылмалар конвейер тийкарында ислеп шығарылса, баҳасы буннан да арзан болатуғынлығы анық. Ҳәзирги күнде бул мәселе бойынша И.Каримов атындағы Ташкент мәмлекетлик университети менен биргеликте Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң «ярымөткизгишлер физикасы» кафедрасы кейинги 10-15 жылда бирге ислесиў шәртнамасы тийкарында илим-изертлеў жумысларын алып бармақта. Бирге алып барып атырған жумысларымыздың тийкарғы илимий бағдары кремний материалының физикалық қәсийетлерин үйрениў арқалы жаңа материал жаратыў болып табылады. Өзи қуяш электростанциялары қуяш элементлеринен қуралған болып тийкарғы атқаратуғын ўазыйпасы қуяш энергиясын электр энергиясына айландырып бериўден ибарат. Тилекке қарсы, кремнийдиң бүгинги күндеги пайдалы жумыс коэффициенти 20 проценттен артпайды. Усы машқаланы шешиў ушын кейинги 5-6 жылда марҳум устазымыз, академик Баҳадырханов Мухаммедкабир Саидхановичтиң басшылығында бир қанша унамлы жумыслар алып барылды. Солардан атап өтетуғын болсам, кремний материалына басқа Д.И.Менделеев дәўирли химиялық системасындағы 3 ҳәм 5 топардағы элементлерди киргизиў жолы менен пүткиллей жаңа наноструктуралы кремнийли материал алыўға ерисилди. Бул жумыслардың нәтийжелери 3 докторлық, онлаған физика-математика илимлери бойынша философия докторлығы жақланды. Солардан бизиң кафедрамыздан 5 философия докторлары шықты.

Қарақалпақстан Республикасы да қуяш энергиясынан пайдаланыў ушын үлкен имканиятларға ийе үлке. Бир жылда 365 күн болатуғын болса, соның 320дан артық күни қуяшлы болып келеди. Бул энергия дереги сыпатында қуяштан пайдаланыў республикамыз ушын жүдә қолайлы дегенимиз. Республикамызда инфраструктураның усы жоқарыда айтылған бағдарлары бойынша азлығы себепли, және де бул жумыслар инициативалық характерге ийе. Сонлықтан бул бағдардағы жумысты ушырасыўдағы республикамыз Жоқарғы Кеңеси Баслығы айтқанындай, координация етиўши Илимий Кеңес дүзип, университет, pединститут ҳәм ӨзИА Қарақалпақстан бөлими илимпазлары күшти бир жерге бирлестирип, мәмлекетлик қаржы есабынан узақ мүддетке мөлшерленген ири фундаменталь ҳәм әмелий жумыс алып барса мақсетке муўапық болған болар еди.

**Қанатбай ИСМАЙЛОВ,**
**физика математика илимлериниң докторы, профессор.**

Ҳәзирги дәўир қарақалпақ прозасының белгили ўәкиллериниң бири Гүлайша Есемуратова 1930-жылы 18-февральда Шымбай районындағы Қасым Әўезов атындағы хожалық аймағында дүньяға келди. 1951-жылы институтты табыслы тамамлап, дәслепки мийнет жолын журналистлик хызметтен баслап, «Жеткиншек» ҳәм «Жас Ленинши» (ҳәзирги «Қарақалпақстан жаслары») газеталарында, соңынан «Әмиўдәрья» журналында бөлим баслығы болып ислейди. Усы баспа орынларында ислеп атырған жыллары-ақ талантлы ҳаял-қыз жазыўшыларға айрықша ғамқорлық кереклигин, әсиресе, олардың турмысын кеңнен сәўлелендириўши журналдың зәрүр екенлигин Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының мәжилислеринде шығып сөйлеўлеринде қайта-қайта айтып жүреди. 1991-жылы Қарақалпақстан тарийхында биринши мәрте «Арал қызлары» атамасындағы ҳаял-қызлар журналы жарық көрди. Бул журналдың шығыўына айрықша белсендилик еткен Г.Есемуратова бир неше жыллар даўамында бас редактор болып иследи.

Биз бүгин Г.Есемуратова дөретиўшилиги менен қызықсынып, оған төмендеги сораўлар менен мүрәжат еттик...

# ХАЛЫҚТЫҢ ҚАҲАРМАНЫ ДӘРЕЖЕСИНЕ ЖЕТКЕН ҲАЯЛ

(СӘЎБЕТ)



**— Гүлайша апа, дәслеп сизди бүгинги туўылған күниңиз, кирип киятырған бәҳәр, жаңаланыў мәўсими, сондай-ақ, 8-март — Ҳаял-қызлар байрамы менен қызғын қутлықлаймыз!**

— Әўелем бар, Ассалаўма әлейкум! Рахмет, байрам қарсаңында меннен хабар алыўға, мениң дөретиўшилигим менен қызықсынып келгениңиз кеўлимди көтерип жиберди.

**— Сизиң жазған шығармаларыңызда тил өткирлиги, тилден шеберлик пенен пайдаланыўыңыз дәрҳал көзге тасланады. Ўақыяны шеберлик пенен баянлаў, сөздиң ширесин оқырманға әпиўайы етип-ақ сүўретлеў сизиң дөретиўшилигиңизге тән нәрсе, деп билемиз. Буның сыры неде деп ойлайсыз?**

— Ҳәр бир жазыўшының өзине тән өзгешелиги, өзине тән стили болады. Мен өзим әдебиятта дөретиўшиликтиң жақсы раўажланыўы ушын ең алды менен миллий менталитетти ашып бериў ушын миллий тилди, жай сөз бенен айтқанымызда, ана тилимизди жақсы билиў — бул ең алдағы ўазыйпалардан бири саналады, деп есаплайман. Қандай да бир дөретпе үстинде ислер екенмен, ең алды менен жазажақ болған ўақыяны инсан өмири менен байланыстырыўға ҳәрекет етемен. Қандай ўақыяны сөз етпекши болсақ та, ең алды менен бул ўақыяға жасап турған халықтың пикири, көзқарасы қалай екенине итибар аўдарыў зәрүр. Шығармада сол халықтың тилинде бар болған сөзлерди шеберлик пенен пайдалансақ, жазылған шығарма қунлы баҳаланып, әлбетте, китап оқыўшы бул шығарманы қунт пенен қызығып оқыйды.

**— Гүлайша апа, сиз бүгинги күнде қарақалпақ әдебиятының дарғаларының бирисиз. Әдебиятымыздың бүгини ҳәм ертеңги күни ҳаққында қандай пикирлерди айтқан болар едиңиз?**

— Мен өзим мине, 90 жастан астым. Бирақ, елеге шекем өзимди уллы жазыўшы ямаса бийик әдебиятшы деп санамайман. Егер де мен бул дәрежедеги инсанман, деп тоқтап қалсам, демек, мен әдебияттан узақласқан боламан. Елеге шекем өзимниң буннан да қунлы шығармаларымды жәриялаўым ушын тынбай изленемен, дөретиўшилик пенен шуғылланаман. Ҳәр бир әдебиятшы мине, усы тақылетте изленер екен, қарақалпақ әдебиятының бүгини де, ертеңи де жарқын болыўына гүман жоқ. Әдебият тараўының өзине инсан ерксиз кирип қалар екен. Мениң теңлеслерим М.Нурмухаммедов, З.Насруллаевалар да әдебият бостанына мениң менен бирге қәдем басып, бул тараўдың раўажланыўына үлкен үлес қосты. Өзим жаслайымнан әдебият атлы бостанға кирип келиўимде ең биринши көплеген китапларды қызықсынып оқып, олардан өзиме керекли мағлыўматларды жыйнағанман. Жасы үлкен инсанлардан қызықлы мағлыўматларды еситип, олардың үстинде де жумыслар ислегенмен. Дөретиўшиликтиң сыры да мине, усында. Мениң әдебиятқа кирип келиўим жүдә қыйын болған. Өйткени, әдебият ҳаял-қызлар ушын жүдә бир аўыр еди. Мениң утқан тәрепим мине, усында, мен ең алды менен еки китап жазғанман ҳәм ол баспадан шыққан сол дәўирде әдебияттың көрнекли ўәкиллери мениң китапларымды қарақалпақтан ҳаял жазыўшы шықпайды деп, оқымаған. Бирақ, ўақыттың өтиўи менен шығармаларымның саны артқан сайын оқыўшылары да көбейген.

**— Гүлайша апа, сизиң дөреткен әдебий шығармаларыңыз жыллар даўамында оқырманлар тәрепинен жыллы күтип алынады, халқымыздың жүрек төринен орын алады, буның сыры неде деп ойлайсыз?**

— Дөретиўшилик пенен шуғылланар екенмен, мениң өзим бир ўақыяны еситип қалсам, сол ўақыя үстинде дәрриў қәлем тербетип кеткенди мақул көрмеймен. Өйткени, бул ўақыяның келип шығыўына не себеп болды, егер ўақыя бул тақылетте болмағанда қалай болар еди, усы ўақыяның себепшилери кимлер ҳәм ўақыяның жуўмағы қалай питиўине шекем излестирип, ўақыяны кең үйренип, оқыўшы ушын қызықлы етип жарытып бериўге ҳәрекет етиў керек. Бизиң алдыға қойған мақсетимиз — китап шығарыў емес, ал, қарақалпақ әдебиятына жаңа әдебий мийрас таярлаў болыўы керек, әне сонда әдебият жақсы раўажланады. Деген менен, бүгинги күнде жасларымыз тезирек китап шығарыўға ҳәрекет етеди. Бул әдебияттың сайызланыўына алып келеди. Китап бир оқығаннан кейин өз қунын жойтатуғын болса, бундай китап ушын исленген мийнет аз екенинен дерек береди. Мениң өзим бир шығарманы жазыў ушын ең алды менен оны қағазға түсирип аламан, соң оны жақсылап бир қатара ишимнен оқып шығаман ҳәм асырып жиберген жерлеримди нормасына алып келемен, егер жетиспеген жерлери болса оған қосаман. Тайын болғаннан соң тағы бир мәрте жақсылап оқып шығаман ҳәм және дүзететуғын жерлери болса дүзетиўлер киргиземен. Буның нәтийжесинде шығарманың баҳалылығы, қунлылығы артады. Мениң бул тақылетте жумыс ислеўим журналист болғанлығымнан деп ойлайман. Өйткени, биз алдын баспаханада, редакцияларда жумыс ислегенбиз. Сол дәўирде баспа ушын келип түскен ҳәр бир китапты қайта оқып, редакторлап шығатуғын едик ҳәм олардың да жетпеген жерлерине қосып, бөрттирилген жерлерин туўрылап, өзлеримизден қосып дүзетип, баспаға жиберетуғын едик. Бундай етип китапларды оқыў арқалы инсанға жаңа-жаңа пикирлер, идеялар келип, қунлы шығармаларды жазыўға шақыратуғын еди.

— Айтқаннан-ақ исми — шәрийпиңизди,
Журт тәрийплеп кетер тарийхыңызды,
Қарақалпақ қандай халық? - дегенде,
Көргизбели қурал етемиз сизди.

Елиң, халқың терең миннетдар саған,
Туўған жер тарийхы қуяштай маған,
Ырза болған шығар академикке
Ата журты Түркстан, туўылған мәкан.

- деген қосық қатарларын оқығанымызда сезимтал халқымыз Сабыр аға Камалов ҳаққында екенлигин аңлайды. Гүлайша апа, илим пидайысы, қарақалпақ халқының ардақлы азаматы Сабыр аға Камалов пенен өткерген мазмунлы өмириңиз пүткил қарақалпақ халқына үлги екенлигин айтып өткимиз келеди. Бул ҳаққында да азы-кем еске түсириўлерди биз бенен бөлиссеңиз. Бизиңше, Сабыр Камаловтың өмири бир романға сыйса керек.

— Сабыр Камалов пенен биринши көрискенимизде мен мектепте оқыўшы едим. Бизиң ең гүллеген жаслық дәўиримиз екинши жер жүзилик урыс жылларына туўры келди. Биз усындай қыйын-қыстаў заманда жаслығымызды өткерип, писип-жетилискенбиз. Данышпанлар айтқанындай, «Жақсы жазыўшы болыўың ушын, аўыр өтмишиң болыўы керек». Мине, усындай аўыр дәўирлер бизлердиң өмиримизде болған. Сабыр Камалов бизиң аўылымызға урыстан жарақатланып келип, бизлерди мектепте оқытқан. Сол ўақытлары мектепте оқыўшыларды әскерликке таярлаўшы пән болатуғын еди. Мине, усы пәннен Сабыр Камалов бизлерди оқытатуғын еди. Мен үйимде генже қыз болғаным ушын ерке, қырсық болып өскенмен. Сол қырсықлығым бир күни Сабырдың сабағының ўақтында тутып қалып, қолымдағы мылтықты гөне деп, классласымның қолындағы мылтықты алып қойғанман. Ол ўақытлары бундай ислеў ҳәммениң қолынан келмейтуғын еди. Мине, соннан соң болса керек, Сабыр мени еслеп қалған. Соң аўылдан қалаға барып, пединститутқа қарақалпақ тили ҳәм әдебияты қәнигелигине оқыўға түстим. Сол дәўирде Сабырды көрип қалғанман ҳәм ол мени алып кеткен. Соң ол да студент, мен де студент, бирге қыйынлы-қыстаў өмир кеширгенбиз. Гә ҳәмме нәрсе жетерли болса, гә жетиспеўшилик болып, өмиримизде көплеген қыйыншылықларды басымыздан кеширгенбиз. Сонда да айтайын дегеним, биз Сабыр менен өмиримиз даўамында «сен-мен»ге барып ямаса қатты даўысқа салып бақырысып, жәнжеллеспегенбиз. Мениңше, бул үйлеримизден алған тәрбиядан болса керек, деп ойлайман. Балаларымызға биргеликте тәрбия бергенбиз.

**— Гүлайша апа, Ибрайым Юсуповтың «Аязхан ҳаққында әпсана» шығармасында тарийхқа нәзер салынған. Сонда ҳаяллар ерлерин ең керек адамымсаң деп, қалталарға салып, желкесине көтерип, қаладан шығып кеткен деген әпсаналық пикирлер бар. Ҳәзирги ўақытта айырым ерлердиң ҳаялларының желкелеринде жүргенлигине қарағанда, ҳаял-қызларға көп ўазыйпа жүкленгендей көринеди. Сиз буған қалай қарайсыз?**

— Ўатан ушын ең керекли инсан — бул ҳаял. Ҳаяллар Ўатанды қорғайды. Бул гәпке көпшилик қарсы шығыўы мүмкин, бирақ, ҳақыйқатында да Ўатанды қорғаўшы, алға қарай жетелеўши мәртлерди дүньяға келтириўшилер ҳаяллар болып саналады. И.Юсуповтың ҳәр бир шығармасын оқып шығар екенбиз, оның ҳәр бир шығармасы шыныққан, оғада қунлы, баҳалы шығармалар. Биз Ибрайым Юсупов пенен қатар өскенбиз, оның ҳәр бир шығармасы емес, ал, ҳәр бир айтқан сөзи өз алдына баҳалы екенлигиниң гүўасы болғанман. Солай екен, бүгинги күнде де ҳаяллар мәрт инсанларды дүньяға келтириўши, шаңарақты алдыға жетелеўши муқаддес инсанлар деп билемен.

**— Гүлайша апа, «Ҳәр заманға бир заман» атлы романыңызда қарақалпақ халқының тарийхый тулғаларының бири Исметулла улы Жәмий мақсым ҳаққында кең жәмийетшилик биле бермейтуғын жүдә қызықлы, әҳмийетли фактлер ҳәм ўақыяларды сүўретлейсиз. Бул қарақалпақ халқының өткендеги тарийхый шынлығын тиклеўге үлкен үлес болып қосылады десек қәтелеспеген боламыз. Аналарыңыз Тазагүл, Қаллыхан апаларыңыз Дүрзада, Рәўшанлар Қумар анаға кейип берген мәрт қарақалпақ емес пе? Солар ҳаққында мағлыўмат берсеңиз!**

— Тарийхқа нәзер аўдаратуғын болсақ, бир қанша инсанлар репрессия қурбанлары болғанлығын билемиз. Булар ханлардың, мақсым, уламалардың перзентлери. Бундай инсанларды сол дәўирде сораўсыз атып таслай берген. Ҳақыйқатында, ол дәўирде аман қалыўдың өзи қыйын еди. Сондай қыйыншылықта мен де жасырынып, ҳәр жерге көшип жүрип, аман қалғанман. Сол дәўирде еркин дөретиўшилик пенен шуғылланыў имканы болмады. Өйткени, сол заманда өмир сүриўдиң өзи қыйын еди. Мениң қыз апаларым атастырылған жигитлерине турмысқа шығатуғын дәўирлер еди. Қыз апам Рәўшанның турмысқа шығатуғын дәўири жүдә бир қыйыншылық заманлар еди. Романда сол қыз апамның айтып берген, басынан кеширген ўақыяларын шығарма етип жаздым. Ол дәўирде бундай роман жазыўдың өзи қыйын еди. Философ Өсербай Әлеўовқа бул романды жазып, апарып көрсеттим ҳәм бул романды баспада жәрияламасам болмайды, келешек әўлад бизиң қандай қыйын заманда жасағанымызды билсин. Ата-анамның жолында қурбан болсам болайын, бирақ, бул романды әлбетте, жазып, баспада жәриялаўым керек деп, өз пикиримди айтқанман. Ол киси де жүдә бир адамгершиликли инсан, мен оны өзим ең уллы философлардан бири екенин мойынлайман. Дурыс, бул мийнетиңди жазып баспа да жәриялай бер деп, өзиниң пикирин билдирди. Мине, усы ўақыядан соң романды туўры типографияға апарып тапсырдым ҳәм китап болып баспадан шықты.

**— Гүлайша апа, қарақалпақ ҳаял-қызлары адамгершиликтиң, жақсы пазыйлетлердиң, ийбелиликтиң, әдеп-икрамлылықтың, мәртликтиң даңқлы жолларынан өтип келмекте. «Ер жигиттиң басы ғаўғалы келер» атлы киши романыңызда ҳаял жазыўшы болсаңыз да Ернияз образын, оның кеўил кеширмелерин, еркекке тән минез-қулқын шебер сүўретлегенсиз. Бул роман қарақалпақ әдебиятында шеберлик пенен жазылған роман болды. Ондағы Дәмегүл, Салималар дәўир қурбанлары ма ямаса турмыс қурбанлары ма? Усылар ҳаққында тоқталсаңыз?**

— Турмысым даўамында тоғыз жерде кирейде турғанман. Сол ўақытта усы ҳаялдың үйинде жасағанман. Бир күни бул ҳаял мени жәрдемге шақырған, барсам, өзи жасанып, бир достымның үйине бараман деп, шығып кетти. Кешке жақын кирип келди, дым жаман аўҳалда, мен соң оны көрип, шығып кеткенмен. Оның үйинде бир жәрдемши қыз бар еди, оны да үйинен шығармай, төрт дийўалдың ишинде қысып өлтирди. Оны күйеўи жүдә қатты жақсы көретуғын еди. Мине, соған қарамай, басқа шаңарақларды жәнжеллестирип, ери менен ҳаялын бир-бирине қарсы қойып, ҳаялларын өлим дәрежесине шекем әкелер еди. Мине, бул ўақыяны көргеннен соң усы романды жазыўға қарар еткенмен. Бул роман таяр болғаннан соң көплеген адамларға оқытып, редакторлатқанман, ҳәммеси оқып, дурыс жазылған деди. Мениң өзим көбинесе ер адамлар менен сырлас болғанман. Оларға бул ҳаял ҳаққында айтқанымда, бундай ҳаяллар көп, сен буған ҳайран болма, деген еди. Бирақ, сен бул ҳаялды көрген болсаң, дурыс жазыпсаң, усы тақылетте баспада жәриялай бер деп, өзлериниң пикирлерин билдирген соң мен бул романды баспаға жибергенмен.

**— Гүлайша апа, «Устаз атаңдай уллы», «Устазға қырық жыл сәлем берсең де аз», «Устазлық еткен жалықпас» деген сөзлер бар. Устазлық ҳаққындағы пикирлериңизди билдирсеңиз!**

— Устазлық бул сөздиң өзи — уллы, муқаддес сөз. Бул атаққа ерисиўдиң өзи аңсат емес. Айырым инсанлар бар, билгенлерин шәкиртлерине үйреткиси келмейди, олар шәкирт ерткиси келмейди, бундай инсанлар келешекте перзентсиз кисидей болып қалады. Ал, айырым устазлар шәкиртлерин менсинбей, өзлеринен пәс көрип қарайды. Бул да надурыс, себеби, изиңе шәкирт болып ерди дегени ақылы, билими сеннен пәс дегени емес. Мүмкин, ол шәкирттиң билими устаздан артық шығар, билим дәрежеси жоқары шығар, мине усыларды да инабатқа алыў керек. Ең алды менен, шәкирт кирип келгенде, балам деп, жыллы сөз бенен күтип алыў керек, оннан билгенлеримизди аямаўымыз керек. Устаз шәкиртине сақыйлық пенен мүнәсибетте болыўы керек. Себеби, сақый инсанға дүнья кең. Деген менен, шәкиртке керек жеринде қаталлаў да болыўы керек.

«Устаздың өмири мәңги, себеби, шәкиртлериниң өмири оған жалғанады», дейди. Ҳақыйқатында да, бул оғыры туўры пикир. Устаз сондай уллы инсан, оның аты да, өмири де бәрҳама өлмес болып табылады. Биз бәршемиз жасымыз, кәсибимиз, ким болыўымызға қарамастан, бул сөзлерди еситкенимизде, кеўлимизден тек жыллы пикирлер, жақты келешек өтеди. Усындай әдиўли инсан бәршемиз ушын устаз атанған Гүлайша апаны ертеңги туўылған ҳәм келип қалған бәҳәр әййямы менен қызғын қутлықлай отырып, оған беккем денсаўлық, таўсылмас күш-ғайрат, дөретиўшилигинде тасқын табыслар тилеп қаламыз.

**Гүлжәҳән ЗАРИМОВА,**
**Нөкис қалалық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 47-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни оқытыўшысы,**

**Маржангүл МЕДЕТБАЕВА,**
**Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалының 1-курс студенти.**